दिन–गुरूवार दिनांक–22.08.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

वक्फ (संशोधन) विधेयक दू हजार चौबीस पर विचार–विर्मशक लेल संयुक्त संसदीय समिति जे.पी.सी के पहिल बैसक आई नव दिल्ली मे आयोजित कयल गेल। भाजपा सांसद जगदम्बिका पालक अध्यक्षता बला जे.पी.सी मे एकतीस सदस्य सम्मिलित छथि। समिति सभ चौवालीस संशोधन पर चर्चा करत आ संसदक अगिला सत्र धरि एक नीक आ व्यापक कानून आनत। बैसक सँ पहिने मीडिया सँ वार्ता करैत श्री जगदम्बिका पाल कहलनि जे ओ विधेयक के प्रावधान सभ पर चर्चा मे अल्पसंख्यक संगठन सभ के बेसी सँ बेसी लोक सभ के अवसरि देल जायत। विदित अछि जे बजट सत्रक दरमियान लोकसभा मे वक्फ (संशोधन) विधेयक दू हजार चौबीस प्रस्तुत कयल गेल छल। सर्वानुमति नहि बनबाक कारण विधेयक के व्यापाक विचार–विमर्शक लेल जे.पी.सी के सौंपि देल गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आई वक्फ संशोधन विधेयक दू हजार चौबीस के लऽकऽ बिहार सुन्नी वक्फ बोर्ड आ शिया वक्फ बोर्ड के सदस्य लोकनिक संग बैसक कयलनि। एहि दरमियान संशोधन विधेयक मे सम्मिलित विभिन्न प्रस्ताव पर चर्चा कयल गेल। वक्फ बोर्ड के सदस्य लोकनि मुख्यमंत्री के विधेयक सँ संबंधित अपन आपत्ति सँ अवगत करौलनि अछि।

---

उच्चतम न्यायालय कोलकाता मे महिला डॉक्टर के संग दुष्कर्म आ हत्या मामिलाक विरोध मे आंदोलन कऽ रहल डॉक्टर लोकनि सँ काज पर घुरबाक लेल कहलक अछि। मुख्य न्यायाधीश न्यायामूर्ति डी.वाई. चंद्रचुड आई एहि मामिलाक सुनावाई करैत आंदोलनकारी चिकित्सक लोकनि सँ आग्रह कयलनि अछि जे ओ सार्वजनिक स्वास्थ्य प्रणाली के बहाल करबा मे सहयोग करथि। एम्हर, मामिलाक जांच कऽ रहल सीवीआई आ कोलकाता पुलिस सर्वोच्च न्यायालय के समक्ष स्थिति रिपोर्ट दायर कयलक अछि।

---

राज्य सरकार सँ भेटल आश्वासन के बाद प्रदेशक सरकारी अस्पताल सभक जुनियर डॉक्टर लोकनि सेहो अपन हड़ताल समाप्त कऽ देलनि अछि। एकर संगहि, पीएमसीएच, एनएमसीएच, आईजीआईएमएस सहित राज्यक विभिन्न जिला अस्पताल सभ मे ओपीडी सेवा आई सँ शुरू भऽ गेल अछि। एहि सँ मरीज आ परिजन लोकनि के विशेष राहत भेटल अछि। पटना एम्स मे काल्हि सँ ओपीडी सेवा शुरू भऽ गेल छल।

———————————————————————

राजदक राष्ट्रीय महासचिव श्याम रजक पद आ पार्टी के सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। ओ पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष लालू प्रसाद यादव के अपन त्याग पत्र पठा देलनि अछि। श्याम रजक अपन पत्र मे कहलनि अछि जे लगातार भऽ रहल उपेक्षा सँ ओ निराश छलाह। ओना ओ अपन आगां के रणनीति के उजागर नहि कयलनि अछि।

———————————————————————

परिवहन मंत्री शीला मंडल कहलनि अछि जे राज्य मे व्यावसायिक गाड़ी सभक निबंधन शुल्क कम कयल गेला सँ वाहन सभक बिक्री बढ़त आ रोजगारक अवसर सेहो बढ़त। श्रीमती मंडल पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत कहलनि जे कैबिनेटक एहि निर्णय सँ राजस्व मे वृद्धि हेबाक सेहो आशा अछि।

———————————————————————

बिहार राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकरणक पहल पर राज्य मे भूकंपक आपदा सँ निबटबाक लेल एसओपी बनाओल जायत। पटना मे प्रधिकरण के बैसक मे आई एहि आशय के निर्णय लेल गेल। एहि बैसक मे एनडीआरएफ, एसडीआरएफ, एसएसबी, बीएसएफ, जिला प्रशासन, नगर निगम आ राज्य सरकारक विभिन्न संबंधित विभाग के अधिकारी सम्मिलित भेलाह। भूकंपक स्थिति मे राहत आ बचाव काज तेजी सँ चलेबाक लेल पीड़ित लोकनि के तुरंत राहत पहुँचेबाक लेल प्रबंधन उपाय पर सेहो चर्चा कयल गेल।

———————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग सभ मे मॉनसूनक गतिविधि सामान्य बनल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत भागलपुर, मुंगेर, औरंगाबाद सहित कतेको स्थान पर मध्यम सँ भारी वर्षा भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आई पश्चिम चंपारण, किश्नगंज, औरंगाबाद, रोहतास आ कैमूर जिला मे भारी वर्षा भऽ सकैत

अछि। ओतहि, कटिहार, बांका, भागलपुर, जहानाबाद सहित राज्यक दक्षिण–पूर्व आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे कतेको ठाम मेघ गरजबाक संगहि ठनका खसबाक आशंका अछि।

——————————————————————————

राज्यक दक्षिण–पश्चिम भाग के संगहि पड़ोसी राज्य सभ मे वर्षा के कारण गंगा, सोन, गंडक, बूढ़ी गंडक, बागमती सहित विभिन्न नदी सभ मे भारी उफान दर्ज कयल गेल अछि। गंडक नदी मुजफ्फरपुर के रेवा घाट मे आ गोपालगंज के डुमरिया घाट मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। ओतहि, बूढ़ी गंडक नदी समस्तीपुर आ खगड़िया मे उफान पर अछि। एम्हर, बागमती नदी के जलस्तर सीतामढ़ी के रून्नीसैदपुर आ मुजफ्फरपुर के बेनीबाद मे खतराक निशान सँ ऊपर दर्ज कयल गेल अछि। आनो ठाम पर सेहो नदी के जलस्तर मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि।

——————————————————————————

बेगूसराय जिलाक साहेबपुर कमाल थाना क्षेत्र अंतर्गत राजा पेट्रोल पंप के लऽग सड़क हादसा मे एक महिला सहित दू गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि।

मधुबनी के जयनगर रेलवे स्टेशन यार्ड मे शंटिंग के दरमियान रेलगाड़ी के इंजन पटरी सँ उतरि गेल। एहि घटना मे किनको हताहत हेबाक संवाद नहि अछि।

——————————————————————————

समाप्त